



42 CFR Pati 2 Anèks konsènan Avi sou Fason nou Jere Enfòmasyon Konfidansyèl Rezo Sante Westchester Medical Center

Anèks sa a nan NPP a kouvri dosye tretman pou twoub itilizasyon sibstans ak lòt enfòmasyon ki ta idantifye yon pasyan tankou ki genyen oswa ki te genyen yon twoub itilizasyon sibstans (kolektivman, "Dosye Pati 2"). Dosye Pati 2 yo pwoteje pa lwa federal sou Konfidansyalite Dosye Pasyan ki gen Twoub Itilizasyon Sibstans ak règleman li yo (kolektivman "Pati 2"), anplis HIPAA ak lwa eta a.

Anèks sa a pou 42 CFR Pati 2 ("Anèks") konplete Avi sou Pratik Konfidansyalite HIPAA Westchester Medical Center Health Network ("WMCH Health") epi li aplike pou "Pwogram SUD" WMCH Health yo. Sa yo se enstalasyon, inite, depatman ak pèsonèl nan WMCH Health ki espesyalize nan bay dyagnostik ak tretman pou twoub itilizasyon sibstans. Nan Anèks sa a, lè nou di "nou," "nou menm," "nou an," oswa "Pwogram yo," nou vle di Pwogram SUD yo nan WMCH Health.

Anèks sa a dekri:

- kijan yo ka itilize epi divilge dosye Pati 2 ou yo
- dwa w konsènan dosye Pati 2 ou yo
- kijan pou w depoze yon plent konsènan yon vyolasyon nan vi prive oswa sekirite Dosye Pati 2 ou yo, oswa konsènan dwa w sou Dosye Pati 2 ou yo.

Anèks sa a aplike sèlman pou dosye Pati 2 ou yo. Li pa aplike pou sèvis ki gen rapò ak enfòmasyon sou sante w resevwa andeyò Pwogram SUD yo. Pa egzanp, Pati 2 a pa kouvri dosye yon randevou ak founisè premye swen nan WMCH Health, ni si yo fè yon depistaj pou yon twoub itilizasyon sibstans.

Ou gen dwa jwenn yon kopi Anèks sa a, an papye oswa an fòm elektwonik, epi ou ka diskite li ak Ofisye Konfidansyalite nou an, enfòmasyon kontak li yo parèt nan fen Anèks sa a si w gen nenpòt kesyon.

Kijan n ap itilize epi divilge enfòmasyon sou ou?

An jeneral, nou dwe jwenn konsantman alekri w pou nou itilize oswa divilge dosye Pati 2 ou yo. Sepandan, nou ka itilize epi divilge Dosye Pati 2 ou yo san konsantman alekri w nan sikonstans limite ki dekri pi ba a.

- **Ijans medikal.** Yo ka itilize epi divilge dosye Pati 2 ou yo nan yon ijans medikal kote yo pa ka jwenn konsantman w. Nou ka divilge dosye Pati 2 ou tou bay pèsonèl medikal Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) ki deklare (i) gen yon rezon pou kwè sante w ka menase pa yon erè nan fabrikasyon, etikèt oswa vant yon pwodwi ki anba jiridiksyon FDA; epi (ii) yo pral itilize dosye Pati 2 ou yo sèlman pou notifye w oswa doktè w yo sou nenpòt danje potansyèl.

- **Rechèch.** Nan kèk sikonstans, nou ka itilize epi divilge dosye Pati 2 ou yo pou rezon rechèch nan limit règleman HIPAA, FDA ak HHS ki gen rapò ak rechèch sou moun kote yo te bay yon egzansyon konsantman.
- **Lòd Tribinal ak Pwosedi Obligatwa.** Nou ka divilge dosye Pati 2 ou yo, oswa temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, lè sa a nesesè dapre yon lòd tribinal espesifik apre yo fin ba w (pasyan an) ak/oswa Pwogram SUD ki konsène a (moun ki kenbe dosye a) yon avi ak opòtinite pou yo tandè w, si Pati 2 egziye sa a. Lòd tribinal la dwe akonpaye tou pa yon sibpènn oswa yon lòt manda legal ki fòse divilgasyon anvan yo itilize oswa divilge Dosye Pati 2 a.
- **Aktivite Odit ak Evalyasyon.** Nou ka divilge Dosye Pati 2 ou yo bay pèsònèl kalifye pou odit oswa evalyasyon pwogram ki (i) dakò alekri pou pwoteje enfòmasyon yo jan politik nou yo egziye, (ii) reprezante ajans gouvènman federal, leta oswa lokal ki otorize pa lalwa pou sipèviz Pwogram SUD yo, oswa (iii) bay asistans finansye pou Pwogram SUD yo oswa peye pou swen sante.
- **Tretman.** Nou ka pataje dosye Pati 2 ou yo ak pèsònèl nou an ak pèsònèl WMCHHealth ki bezwen dosye sa yo nan kad devwa yo ki soti nan bay dyagnostik, tretman oswa referans pou tretman pasyan ki gen twoub itilizasyon sibstans.
- **QSOs.** Nou ka divilge Dosye Pati 2 ou yo bay òganizasyon sèvis kalifye pou yo bay sèvis pou nou oswa nan non nou (menm jan ak dispozisyon ki nan Avi a konsènan asosye biznis yo).
- **Fòs Lòd.** Nou ka divilge dosye Pati 2 ou yo bay fòs lòd yo pou rapòte yon krim ou komèt, oswa w menase pou komèt, nan enstalasyon nou yo oswa kont manm pèsònèl nou yo.
- **Rapò sou abi.** Nou ka divilge dosye Pati 2 ou yo bay otorite leta oswa lokal ki apwopriye yo pou rapòte abi ak neglijans timoun nou sispèk, jan lalwa egziye sa a.
- **Sante Piblik.** Nou ka divilge dosye Pati 2 ou yo bay otorite sante piblik pou rezon sante piblik. Sepandan, yo pral dezidantifye kontni dosye Pati 2 ou yo an akò ak HIPAA.

Ki lè yo mande konsantman alekri w?

N ap itilize epi divilge dosye Pati 2 ou yo pou rezon ki pa dekri nan Anèks sa a sèlman avèk konsantman alekri w la. Egzanp kote konsantman alekri w la nesesè gen ladan sa ki annapre yo:

- **Tretman, Peman ak Operasyon Swen Sante ("TPO").** Avèk konsantman alekri w la, nou ka itilize epi divilge Dosye Pati 2 ou yo pou rezon tretman, peman oswa operasyon swen sante jan sa a dekri nan Avi a. Ou ka bay yon sèl konsantman pou tout itilizasyon oswa divilgasyon TPO alavni. Si yo pataje dosye Pati 2 ou yo sou baz konsantman pou rezon sa a ak yon lòt pwogram Pati 2 oswa yon antite ki reglemante pa HIPAA (ki gen konpozan WMCHHealth ki pa pwogram SUD), resipyan an ka divilge dosye w yo plis selon sa HIPAA pèmèt, oswa si pwogram Pati 2 a pa gen rapò ak HIPAA, selon sa a konsantman w pèmèt.
- **Pwosedi kont ou.** Eksepte kote yon lòd tribinal egziye sa a, nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon Dosye Pati 2 ou yo, oswa temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, nan nenpòt

Dat li an vigè: 16 Fevriye 2026

pwosedi sivil, administratif, kriminel oswa lejislatif kont ou mande konsantman alekri w. Konsantman w pou objektif sa a dwe apa ak konsantman w pou nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon.

- **Pwogram Siveyans Medikaman sou Preskripsyon.** Nou ka rapòte nenpòt medikaman pwogram nan preskri oswa distribye bay pwogram siveyans preskripsyon medikaman leta ki aplikab la (PDMP) si lalwa leta ki aplikab la egzije sa a.
- **Kòlèk lajan.** Nou ka itilize oswa divilge dosye Pati 2 ou yo pou objektif kòlèk lajan nou an. N ap fè sa a sèlman apre yo fin ba w dabò yon opòtinite klè e evidan pou chwazi pa resevwa komunikasyon sou kòlèk lajan an.
- **Nòt Konsèy SUD.** Eksepte nan sikonstans limite, nou ka sèvi oswa divilge nòt konsèy ou sou itilizasyon sibstans sèlman avèk konsantman alekri w la. Konsantman sa a dwe apa ak konsantman w pou nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon.

Retire konsantman w

Ou ka retire konsantman alekri w nenpòt lè ak soumisyon yon demann lè w ekri Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, enfòmasyon pou kontakte a nan do Avi sa a. Si w retire konsantman w, n ap sispann pataje dosye Pati 2 ou yo alavni, men nou p ap kapab anpeche okenn enfòmasyon ki te deja pibliye.

Dwa Sipleman tè Konsènan Dosye Pati 2 Ou yo

Anplis dwa ki dekri nan Avi a, ou gen dwa sa yo konsènan Dosye Pati 2 yo:

- **Dwa pou mande restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon dosye Pati 2 ou yo.** Ou gen dwa mande restriksyon sou fason nou itilize oswa divilge Dosye Pati 2 ou yo pou rezon tretman, peman ak operasyon swen sante, ni sa yo ki fèt avèk konsantman alekri davans ou a. Gade Seksyon "Dwa pou Mande Restriksyon sou Fason WMCHHealth ap itilize oswa Divilge Enfòmasyon sou Ou" nan Avi a pou konnen kijan pou fè demann sa a ak kilè nou oblije dakò ak demann ou an.
- **Dwa pou jwenn yon lis divilgasyon pa yon entèmedyè.** Si w te bay konsantman pou pataje dosye Pati 2 ou yo atravè yon echanj enfòmasyon sante, yon òganizasyon swen responsab, yon òganizasyon jesyon swen oswa yon lòt entèmedyè, ou gen dwa jwenn yon lis divilgasyon entèmedyè sa a te fè pandan twa dènye ane yo.
- **Dwa pou w pa aksepte yo voye mesaj konsènan kòlèk lajan.** Ou gen dwa pou w chwazi pa resevwa mesaj konsènan kòlèk lajan. Ou ka egzèsè dwa sa a lè w kontakte Biwo Fondasyon WMCHHealth la nan foundation@wmchealth.org oswa pa telefòn nan 914-493-2575.
- **Dwa w pou w gen yon kopi avi sa a.** Ou ka mande yon kopi Anèks sa a nenpòt ki lè. Ou ka mande yon kopi an papyè oswa jwenn li sou sit entènèt WMCHHealth la nan <https://www.wmchealth.org>.

Dat li an vigè: 16 Fevriye 2026

Angajman nou anvè w.

Nou oblije pa lalwa pou nou pwoteje konfidansyalite Dosye Pati 2 yo, pou nou bay pasyan yo yon avi sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo konsènan Dosye Pati 2 yo epi pou nou avèti pasyan ki konsène yo apre yon vyolasyon dosye ki pa sekirize.

Chanjman nan Avi sa a

Dapre egzijans legal yo, nou ka chanje règleman sou lavi prive ki nan Anèks sa a tanzantan. Sa a vle di nou ka chanje fason nou itilize oswa pataje dosye Pati 2 ou yo. Anplis sa a, nou ta ka chanje fason w ka jwenn aksè ak enfòmasyon w yo. Si nou fè nenpòt chanjman, n ap kreye yon nouvo vèsyon Anèks sa a epi pibliye li.

Kijan pou pataje enkyetid oswa plent ou yo

Nou vle konnen si w gen kesyon sou lavi prive w oswa sou fason Pwogram SUD WMCHHealth yo itilize dosye Pati 2 ou yo. Nou p ap pran revanj sou ou paske w fè yon plent e nou p ap trete w yon lòt jan paske w pale. Nou pran enkyetid sou vi prive w yo oserye.

Pou kesyon, enkyetid oswa plent, tanpri kontakte Biwo Konfidansyalite WMCHHealth lè w rele 914-493-2600 oswa ekri Westchester Medical Center, Executive Offices, Taylor Pavilion West, 100 Woods Road, Suite C-138 Valhalla, New York 10595.

Pou plis enfòmasyon oswa pou fè yon plent bay Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini, Biwo pou Dwa Sivil.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa pou lavi prive w nan: www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/notice-privacy-practices/index.html.

Ou ka depoze yon plent sou www.hhs.gov/ocr

Dat li an vigè: 16 Fevriye 2026

Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante (HIM) – Enfòmasyon pou Kontakte

Westchester Medical Center ki gen ladan l
Maria Fareri Children's Hospital Behavioral Health Center MidHudson Regional Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
100 Woods Road
Macy Pavilion
Valhalla, N.Y. 10595
914-493-7600

MidHudson Regional Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
241 North Rd
Poughkeepsie, NY 12601
845-431-8152

Good Samaritan Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
255 Lafayette Ave.
Suffern, NY 10901
845-368-5361

St. Anthony Community Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
15 Maple Avenue
Warwick, NY 10990
845-987-5202

Bon Secours Community Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
160 East Main St
Port Jervis, NY 12771
845-858-7086

HealthAlliance Hospital
sa gen ladan l Margaretville Hospital ak
Mountainside Residential Care Center
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
105 Mary's Ave
Kingston, N.Y. 12401
845-334-3150

